



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU AMELYORE REPONS ETA A POU PANDEMI COVID-19 LA

Lejislasyon (S.4516-C/A.7536-B) fè falsifikasyon dosye vaksinasyon COVID-19 yon krim

Lejislasyon (S.4962/A.5062) bay lekòl yo aksè ki amelyore nan bazdone vaksinasyon nan tout eta a

Lejislasyon (S.6375/A.5713) egzije Komisè Sante a fè yon etid sou livrezon swen anbilatwa ak lòt swen medikal nan repons ak pandemi COVID-19 la

Lejislasyon (S.6070-A/A.7324-A) egzije Depatman Sèvis Finansye a fè yon etid sou kèk enpak pandemi COVID-19 la

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislasyon k ap amelyore repons New York pou pandemi COVID-19 ki ankou a. Pake lejislatif sa ap fè yon pa an avan nan efò. Eta a pou ogmante pouvantaj vaksinasyon epi etidye efè pandemi sa te genyen sou ekonomi ak sistèm swen sante nou an.

"Nou bezwen asire nou aprann leson pandemi an pou nou pa fè menm erè yo de fwa," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo lwa sa yo ap ede nou amelyore repons nou pou pandemi an kounye a, elimine itilizasyon magouy dosye vaksinasyon yo, epi ede nou konprann pi byen domèn amelyorasyon nou bezwen fè nan sistèm swen sante nou an pou nou ka prepare wout la plis toujou."

Falsifikasyon dosye vaksinasyon COVID-19

Lejislasyon (S.4516-C/A.7536-B) a ajoute klarifikasiyon ke yon Kat Vaksinasyon COVID ta dwe konsidere kòm yon enstriman pou lwa sou magouy la ki rann falsifikasyon Kat Vaksinasyon COVID-19 yon deli klas A. Li kreye tou yon nouvo krim falsifikasyon enfòmatik nan twazyèm degre pou antre entènasyonal, modifikasyon oswa destriksyon "materyèl enfòmatik" ki konsène pwovizyon vaksen COVID-19. Moun ki defòme istorik vaksinasyon yo, pa sèlman mete pwòp sante yo anje, men sante tout moun yo nan kontak ak yo. Lejislasyon sa asire ke pandan New York ap ouvri epi anpil biznis chwazi pou depann de verifikasiyon estati vaksinasyon an, falsifikasyon dosye vaksinasyon p ap tolere.

Senatè Anna M. Kaplan, te deklare, "Ak varyan omicron an ki mete kominote nou an nan pi gwo risk epi menase pwogrè nou te fè nan rekiperasyon kont pandemi an, anpil anplwayè, lekòl, ti biznis, ak kominote depann de prèv estati vaksinasyon ki reyèl kòm yon zouti pou kenbe espas yo an sekirite kont transmisyon COVID la. Li pa t janm pi ijan pou nou pwoteje pwosesis sa kont fwod pou sante ak sekirite publik la pa konpwomèt pa move aktè k ap itilize kat oswa paspò vaksinasyon magouy. Lwa "Verite nan Vaksinasyon" an ap sèvi kòm yon dekourajman ki fò pou anpeche moun bay manti konsènan estati vaksinasyon yo, pwoteje sante publik la, epi asire rekiperasyon ekonomik nou ka avanse. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul k ap konbat kriz sa, epi mwen rekonesan pou patenarya ak Manm Asanble Jeffrey Dinowitz pou fè adopte lwa enpòtan sa nan lejislati a."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Done yo klè sou egzijans vaksinasyon yo - yo fonksyone. Men, fasilité remakab ke Nouyòkè yo ta sanble ka falsifye dosye vaksinasyon yo pou pretann yo konfòm nan etonan. Nouvo lwa sa ap ede pwokirè ak lòt fòs lòd yo san dout rann moun yo responsab pou domaj y ap fè sante publik la lè yo detèmine efikasite egzijans vaksinasyon ki anplas nan espas travay, biznis, restoran, ak plis toujou. Mèsi Gouvènè Hochul dèské ou siyen pwojè lwa enpòtan sa an lwa, ak Senatè Eta a, Kaplan pou patenarya li ki mennen pwojè lwa sa nan lòt chanm nan."

Amelyore aksè lekòl yo nan bazdone vaksinasyon nan tout eta a

Lejislasyon (S.4962/A.5062) bay lekòl yo aksè ki amelyore nan bazdone vaksinasyon nan tout eta a, ki egzije Depatman Sante a (Department of Health, DOH) otorize aksè chak lekòl nan dosye vaksinasyon pou elèv yo. Aktyèlman, lekòl ki pa gen sant sante ki baze nan lekòl yo gen aksè pou li sèlman nan sistèm Enfòmasyon sou Vaksen Eta New York la (New York State Immunization Information System, NYSIIS). Sa lakoz lekòl yo oblige chèche dosye vaksinasyon chak elèv endividéyèlman epi telechaje yo manyèlman nan baz done yo. Ak vag resan elèv senk ak dizwit tan k ap vaksinen yo, bay lekòl yo kapasite pou telechaje lis done vaksinasyon konplè yo ap ekonomize plizyè èdtan pou pèsonèl la, epi amelyore repons enfeksyon nan lekòl yo.

Senatè Elijah Reichlin-Melnick te deklare, "Nouvo lwa sa pèmèt enfimyè lekòl yo pase plis tan konsantre sou sante timoun ki sou responsabilite yo olye yo pase tan nan travay biwokrasi anwiyan. Mwen te fyè pou patwone lejislasyon bipati sa pou diminye papras epi asire ke pwofesyonèl swen sante nan lekòl yo pase plis tan ap pran swen epi mwens tan ap tape. Pandemi COVID-19 la te anseye nou ke nou bezwen rann sistèm swen sante ak edikasyon nou an pi efisyen, ak plis konpasyon, epi pi efikas, epi lwa sa se yon pati enpòtan nan pake pwojè lwa Gouvènè a te siyen pou fè New York kontinye ale nan bon direksyon."

Manm Asanble, Doktè Anna R. Kelles, te deklare, "Enfimyè nan lekòl yo te jwe yon wòl enpòtan nan sante ak byennèt mantal timoun lekòl yo pandan pandemi COVID-19 la. Nou dwe timoun nou yo sa pou asire ke yo pran swen yo epi yo pa debòde nan antre done. Enfimyè yo te pase plizyè milye èdtan ap tape dosye elèv yo manyèlman. Lwa sa

otorize enfimyè yo konsantre sou elèv yo pa done yo. Sa patikilyèman vital pandan elèv yo ap goumen ak nivo pwoblèm mantal ak emosyonèl k ap akimile ki lye ak pandemi an, ki, espesyalman pou jèn timoun, prezante souvan kòm vant fè mal, doulè, ak tèt fè mal. Enfimyè lekòl yo te nan liy devan kriz sa epi mwen rekonesan a Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa jodi a epi soulaje yon pati nan chaj sa."

DOH pral fè etid sou swen medikal ki lye ak pandemi an

Lejislasyon (S.6375/A.5713) egzije Komisè Sante a fè yon etid sou livrezon swen anbilatwa ak lòt swen medikal nan repons ak pandemi COVID-19 la. Komisè a ap fè rekòmandasyon pou amelyore livrezon, kalite, aksè, ak depans seri sèvis swen sante anbilatwa kominote a egzije yo. Rezulta ak rekòmandasyon yo ap pibliye apre sa sou sitwèb DOH la. Pwojè lwa sa ap ede amelyore aksè medikal pou Nouyòkè yo, espesyalman sila yo ki nan dezè lopital piblik yo ki depann de swen anbilatwa pi plis yo. Yon etid menm jan te fèt an 2017, alò se yon opòtinite pou wè kijan pandemi an te afekte sistèm swen medikal nou an.

Senatè Diane Savino te deklare, "Pa gen lopital piblik ki sitiye nan Staten Island ak anpil lòt zòn nan eta a, ki lakoz dezè lopital piblik yo. Etid sou sèvis sante anbilatwa yo nan eta a nan repons ak pandemi COVID-19 la ap ede amelyore fèy dewout pou konnen ki kote resous eta yo ye epi ki kote dwe ye. Mwen felisite kòlèg travay mwen Manm Asanble Charles dèske li souve pwoblèm sa epi mwen remèsyé Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa an lwa."

Manm Asanble Charles D. Fall te deklare, "Pliske pa gen lopital piblik ki sitiye nan Staten Island ak nan kèk pati nan Eta New York, anpil rezidan depann de swen sante kominotè pou divès sèvis medikal, ki enkli blesi fizik ki lye ak dyagnostik maladi ak swen, tès laboratwa rapid ak depistaj, swen pedyatri ak bezwen byennèt fanm pou kèkl nan rezidan ki pi vilnerab yo. Pandan n ap kontinye fè fas ak pandemi sa ak varyan li yo, ki kontinye boulvèse lavi kotidyen nou, nou bezwen asire nou ke rezidan yo kontinye resevwa swen sante yo bezwen yo. Lè nou genyen rezidan ki ka granmoun oswa ki manke transpò ki fyab pou deplase ale nan yon lòt etablisman pandan pwotokòl federal ak eta entans yo, sa pa bon pou byennèt tout rezidan New York yo, espesyalman pou sila yo ki abite nan North Shore nan Staten Island."

DFS mennen etid sou enpak COVID-19 la

Lejislasyon (S.6070-A/A.7324-A) a egzije Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) fè yon etid sou kèk enpak pandemi COVID-19 la sou zòn ki pa gen anpil bank, ki defavorize yo, sou ti biznis ak biznis ki pou minorite ak fanm yo (minority- and women-owned business enterprises, MWBE) pou jwenn prè. Zòn minorite ak moun ki gen revni ki fèb yo frape espesyalman fò pa pandemi an, alò lejislasyon sa ap endike ofisyèl gouvènman Eta yo kijan labank te afekte nan kominote sa yo ak ki solisyon ki genyen pou kreye bank ki pi aksesib.

Senatè Sanders Jr. te deklare, "Akoz kominote minorite ak kominote ki gen revni ki fèb yo te afekte nan fason ki pa pwopòsyonèl pa pandemi COVID19 la, li enpòtan pou politisyen ak piblik la konprann enpak labank genyen oswa enpak lè manke bank ka genyen sou kominote sa yo. Nou bezwen etidye epi aprann kisa nou ka fè pou sipòte kominote sa yo alavni nan sa ki gen pou wè ak sektè bankè a."

Manm Asanble Khaleel Anderson, te deklare, "Mwen ankouraje ke Gouvènè Hochul te siyen pwojè Iwa mwen an (A-7324A/S-06070A) an Iwa, k ap fè yon limyè briye sou enpak pandemi COVID-19 la nan kominote ki pa gen bank ak kominote ki pa gen ase bank yo. Labank se yon zouti esansyèl pou fè pwomosyon sante finansye pou rezidan yo epi ogmante aksè nan kapital pou ti biznis ak MWBE yo, patikilyèman nan kominote moun nwa ak mawon yo atravè Vil ak Eta New York. Antanke Prezidan Sou-Komite Bank nan Kominote ki Defavorize yo, mwen angaje pou ede rekonstui enfrastrikti bankè nan kominote ki pa gen anpil resous yo istorikman. Mwen felisite Gouvènè a dèské li bay etid enpòtan sa priyrite pou fè pwomosyon rekiperasyon ekonomik pou rezidan ak pwopriyetè ti biznis nan kominote nwa ak mawon yo nan tout eta a k ap goumen pou gen aksè nan kapital."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)